ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№99-100 (23.258) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 26, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнитІщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Хъыбар гуапэ

ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий ягъэлъапІэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр. Унафэм къыдэрыщыхьамкІэ, АР-м и Іэтащхьэм дамыгъэ лъапІэр къратащ «ІэжьыгъэкІэ иІэ екъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу и Іэнатіэм зэрыпэрытымрэ» папщІэ.

«РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэу лэжьэн зэрыщІэздзэрэ сэ зы Іэуху бгъэдыхьэкІэм сытетащ - пхузэфІэмыхьн гугъуехь щыІэкъым. Илэкіэ укІуэтэныр, мурад гуэрхэр зэбгъэхъулІэныр мащІэщ. Сытым дежи къалэн нэхъ гугъу дыдэхэр зыхуэбгъэувыжьыфрэ абы ухущІэкъуу щытын хуейщ. Нобэ дэ куэд тхузэфІэкІащ ди республикэм ис щІыхуэм я псэукІэр ефІэкІуэн, щІэныгъэфІ зрагъэгъуэтын, медицинэ Іуэхутхьабзэхэр зэблэмыууэ хуащІэн папщІэ. Ауэ ар гъунапкъэкъым, дэ иджыри куэд къытпэщылъщ. Сэ фІыщІэ яхузощІ си гъусэу лажьэ гупым, Адыгейм щыпсэу дэтхэнэ зыми, ди лъахэм и зыужьыныгъэм я гуащІэ зэрыхалъхьэм щхьэкІэ. Сэ ахэр дамыгъэ лъапІэр псоми зэхуэдэу къэдлэжьауэ къызолъытэ», - жиІащ ТхьэкІушынэм.

Адыгейм и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэр социологие щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Егъэджэныгъэмкіэ Урысей академием и академикщ. Мейкъуапэ къэрал технологие университетыр къызэригъэпэщащ икІи абы и ягъ ректору щытащ. Монографие куэд, щІэныгъэ лэжьыгъэу 150-м щигъу и Іэдакъэ къыщІэкІащ. ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий къыхуагъэфэща дамыгъэ нэхъ лъапІэхэм ящыщщ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и IV нагъыщэр, ЩІыхьым и орденыр, Зэныбжьэгугъэм и орденыр, «Адыгейм и ЩІыхь» медалыр, «Кубаным лэжьыгъэмкІэ и лІыхъужь» медалыр, нэгъуэщІхэри.

Иджы «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр Аслъэнджэрий къызэрыратар щыхьэт тохъуэ ар зи унафэщІ хэгъуэгум, дызэрыт зэман хьэлъэм емылъытауэ, зэрызиужьым, блэкІа илъэси 9-м кърифыбдзу Адыгейр зэрефІэкІуам, ди къэралым и щІыналъэ нэхъыфІхэм хабжэ зэрыхъуам.

ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий дохъуэхъу и лэжьыгъэм пщІэ кІыхъащІу, абы къыпэкІуэ хъерым игу хигъахъуэу иджыри куэдрэ узыншэу псэуну, Хэкумрэ лъэпкъымрэ илъэс куэдкІэ хуэлажьэну!

Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

Кравцов Сергей

● Егъэджэныгъэ

Къэрал кІэлъыплъыныгъэр къэтІасхъэркъым

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм накъыгъэм и 24-м щыІэзэхэщ зэІуІэ щхьэпэ. Ар теухуауэ щытащ КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухуэхэмкіэ и министерствэр, республикэм и курыт школхэр 2016 гъэм екІуэкІыну къэрал къэпщытэныгъэхэм зэрыхуэхьэзырым.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухуэхэмкіэ и министерствэр, республикэм и курыт школхэр 2016 гъэм екІуэкІыну къэрал къэпщытэныгъэхэм зэрыхуэхьэзырым.

- Илъэс куэд лъандэрэ ди къэралым щекІуэкІ ЕГЭ-м, дауи, и хабзэ гуэрхэр и пІэ иуващ, ауэ, итІани, абы жылагъуэм щиІэ мыхьэнэм хэщІыркъым, зы гъи къэмынэу цІыху куэд ироПІейтей, ирогузавэ, - жиІащ КІуэкІуэм. - Дэ дощІэж ди республикэм ильэситІ-щы и пэкІэ щекІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къарикІуа Іуэху мыщхьэпэхэр. Абы къыхэкІыу ди республикэр абыкІэ кІэлъыплъыныгъэ щхьэхуэми щІэуваУэ щытащ. Къыхэщыпхъэщ КЪБР-м и Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм иужьрей зэманым лэжьыгъэшхэу зэрызэфІихар, республикэм ЕГЭ-р къызыхуэтыншэу къыщызэгъэпэщыным икІи щегъэкІуэкІыным епхауэ. АбыкІэ диІэ екъулІэныгъэхэри нэрылъагъуэ, арщхьэкІэ ди гур мамыру дытІысыж хъунукъым: длэжьар мымащІэми, къыпэщылъыр нэхъыбэжщ. ЕГЭ-р абы хэт дэтхэнэ зым и дежкІи къалэнышхуэ зыпылъ Іуэхущ. Мыгъэрей къэпщытэныгъэр ди щІыналъэм щегъэжьауэ щытащ. КъыкІэлъыкІын хуейщ, абы и хабзэхэр зыми къыдэпамыуду, зекІуэ мардэхэми изагъэу.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

КІуэкІуэ Ю. А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм я пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм я пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ КЪБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А., КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., хабзэхъумэ органхэм, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ инхэм я унафэщІхэр. ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ Наркотикхэм ятхьэкъуачэр гъэхъужьным, ахэр гъащІэм хэгъэзэгъэным, ягъэтІысахэр щаІыгъ щІыпІэхэм наркотикхэр хабзэм къемыізэгъыу зэрыщыізэблагъэкІым пэщІэтыным пыщІа Іуэхуэхэм.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым республикэм и Іэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ Урысей Федерацэм и лъэпкъ шынагъуэншагъэр наркотикхэр зэблэгъэкІынымрэ ахэр зэхьэлІэнымрэ я пэщІэтыным теухуа бэнэныгъэр зэрырагъэкІуэкІым куэдкІэ зэрелъытам теухуауэ Путин Владимир жиІа псалъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым наркотикхэм цІыхухэр емыгъэтхьэкъуным хуэгъэза лэжьыгъэр зэкІэлъыкІуэу щрагъэкІуэкІ, наркотикхэр зэхьэхьэлІэу щІэзыдзахэр, псом хуэмыдэу балигъыпІэ имыувахэр, пасэу зэхэгъэкІынымрэ ахэр гъэхъужьнымрэ теухуа Іуэхуэхэр щагъэзащІэ. Куэд щІакъым республикэм наркотикхэр куэду къызэрашэ щІыкІэр къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэмрэ шынагъуэншагъэмкіэ органхэмрэ я лэжьакІуэхэм къызэрахутэрэ. Абы щыгъуэ героин килограммым щІигъу къатхьэкъуащ. Ауэ абы нэгъуэщІ зы Іуэхуми урегъэгупсыс, къигъэлъэгъуащ республикэм и Іэтащхьэм, - а гуныр щащэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыщІыхахар сыт? Апхуэдизэ наркотикыр сыт хуэдэ щІыкІэкІэ зэращэну я мурадар? Зыхуэфащэ орган-хэм хуагъэуващ мис а упщІэхэм я жэуап гурыІуэгъуэкр къахутэну. Ар сэбэп хъунущ наркотикхэр ди щІыналъэм къизышэхэм нэхъ ткІийуэ я пэщІэтынымкІэ.

Къалэн пыухыкІахэр хуагъэуващ республикэм и наркологие ІэнатІэм. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэр наркотикхэр зэзыхьэлІэхэр пасэу хэІущІыІу къэщІынымрэ ахэр гъэхъужьнымрэщ.

КІуэкІуэ Юрий къигъэлъэгъуащ наркотикхэр мастэкІэ зыхэзылъхьэхэм ящыщу «В»-, «С» гепатитым и вирусыр зэуалІэхэр гъэмащІэным зэрегугъупхэр, апхуэдэу муниципальнэ щІыналъэхэр психиатрхэмкІэ-наркологхэмкІэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

ЗэІущІэм апхуэдэу къыщІэтащ ягъэтІысахэр щаІыгъ щІыпІэхэм наркологие дэІэпыкъуныгъэр къызэрыщызэгъэпэщам, наркотикхэр зэзыхьэлІэхэм ящыщу сымаджэщхэм зыщелэзахэр адэкІэ гъащІэм зэрыхагъэзэгъэным.

Къэпсэпъэхэм къыхалъхьа псори къыщылъытэта унафэ убзыхуа зэІущІэм къыщащтащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

НОБЭ

● ♦Химикым и махуэщ

● ♦Урысей хьэрычэтыщІэм и махуэщ

♦Куржым и лъэпкъ махуэшхуэ нэхъыщхьэщ - Щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Польшэм щагъэлъапІэ Анэм и махуэр

♦1896 гъэм Урысейм и пащтыхь тажыр щхьэратІэгъащ Николай ЕтІуанэм - иужьрей урысей императорым.

♦1918 гъэм Кавказ ЩІыб Федерацэр зэхэкІащ Курджы, Армение, Азербайджан республикэ щхьэхуитхэу.

♦1928 гъэм ФИФА-м и зэІущІэм унафэ къыщащтащ илъэсиплІ къэс зэ футболымкІэ дунейпсо зэпеуэ егъэкІуэкІыным теухуауэ.

♦1942 гъэм Іэ традзащ совет-инджылыз дзэ зэгурыІуэныгъэм.

♦1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къызэІуахащ.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щэрдан Іэбу** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Нэшанык пшэр техъэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Балигъ гъащІэм хобакъуэ

● Иужьрей уэзджынэ

Накъыгъэм и 25-р, хабзэ зэрыхъуащи, ди къэралым и курыт еджапІэхэм щагъэлъапІэ иужьрей уэзджынэм и махуэшхуэу. Школыр къэзыух дэтхэнэ ныбжьыщІэм и дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ а махуэм. Налшык дэт гимназие №14-р мы гъэм къуэрыкІуи 120-м. Абы-хэм я дежкІэ иужьрей уэзджынэм и зу макъ жьгъырур сабиигъуэмрэ балигъ гъащІэмрэ я гъунапкъэ зэпылъыпІэщ.

МАХУЭШХУЭМ хуагъэхьэзыра школ пщІантІэ хуитым ныбжьыщІэхэм я гуфІэгъуэр даІэтыну щызэхуэсат еджэгъуэ илъэсхэм къадэгъуэгурыкІуа егъэджакІуэхэр, адэанэхэр, Парламентымрэ КъБКъУ-мрэ я лІыкІуэхэр, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр, къалэм дэт къулыкъущІапІэхэм я къыщыгъэпэщакІуэ комитетым.

- УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр фокІадэм и 18-м хахынуц. Щхьэгъуэш Адэлбий Къэрал Думэм хьэхьнущ, зы мандат Іэтэтым кърикІуахэмкІэ адрей кандидатхэм япэ итщи. Дыщогъуэ абы къыкІэлъыкІуэ кандидатищыр - Геккиев Заур, Марьяш Иринэ, Къардэн Мурат сымэ - федеральнэ партыр къэзыгъэлъагъуэхэм ящыщу пхыкІыну,- жиІащ партым и щІыналъэ къудамэм и секретарым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ІэщІагъэлІкІэр. Иужьрей уэзджынэм балигъ гъащІэм хишэ ныбжьыщІэхэм яхуэгъэзэа хъуэхъу дахэхэр абыхэм щагъэІуащ гуфІэгъуэ зэхьхьэм.

ГуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ зи гум щыз ныбжьыщІэхэм я класс унафэщІхэр я гъусэу утыку кьихьащ. Абыхэм гуапэу екъуэхъуащ щІэныгъэ гъуэгум тезыша егъэджакІуэхэр.

- Махуэ зыбжанэ дэкІмэ, фэ фщыщ ныбжьыщІэхэр къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм я студент хъунущ, ауэ фэ иджыри къыфпэщылъщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр. Шэч къытесхьэркъым а къэпщытэныгъэхэм фаэзрыпэлъэщынум. Иужьрей уэзджынэр угурлы фхуэхъуну, гъащІэм фи увыпІэ щывгъуэтыну, гупсысэ Іуэхэр зи лъабжьэ Іуэху куэд зэфІэфхыну сыныВохъуэхъу, - заХуигъэзащ еджапІэр къэзыуххэм гимназием и унафэщІ Жамборэ Риммэ.

- НыбжьыщІэхэм я къафэ, уэрэд дахэхэмрэ я егъэджакІуэхэм яхуэгъэза, гум къыбгъэдэкІ фІыщІэ псалъэхэмрэ гукъинэ ящыхъащ къызэхуэсахэм. Апхуэдэу школыр къэзыуххэм папщІэ концертрэ тепльэгъуэ гъэщІегъуэнхэмрэ ягъэхьэзырат.

Махуэл дэкІмэ, балигъ гъащІэм хэбэкъуэну ныбжьыщІэхэм дохъуэхъу иужьрей уэзджынэр угурлы яхуэхъуну, я мурадхэр къехъулІэну.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым Къэрал Думэм и 7-нэ зэхуэсым кІуэну яхуэфащэу къигъэлъэгъуахэр щыхахынум и пэ къихуэ Іэтэтыр зэрекІуэкІам щытепсэльыхьыжащ партым и щІыналъэ къудамэм и Іуэхущ Іапіэм. Іэтэтым кърикІуахэр игъэбелджылащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт, партым и щІыналъэ къудамэм и секретарь Бозий Натбий.

ІэІэтым кърикІуахэр къапщытэж

НАКЪЫГЪЭМ и 22-м КъБР-м хэхьІпІэ 73-рэ щылэжьащ. Абыхэм екІуэлІащ хэхакІуэ 63986-рэ (процент 12,1-рэ). Кандидат 11-м Іэ зэрыхуаІэтам екъэлІа бжыгъэхэр зэІущІэм щагъэбелджылыжащ: Щхьэгуэш Адэлбий - 36596-рэ (процент 57,19-рэ), Геккиев Заур - 35785-рэ (процент 55,93-рэ), Марьяш Иринэ - 35097-рэ (процент 54,085-рэ), Къардэн Мурат - 32800-рэ (процент 51,026-рэ), Апажэ Аслъэн - 30791-рэ (процент 48,012-рэ), Бекиев Мухьтар - 29703-рэ (процент 46,042-рэ), Къэжэр Хьусен - 25015-рэ (процент 39,009-рэ), Щоджэн Мухьэмэд - 21907-рэ (процент 34,024-рэ), Тхьэмокъуэ Анзор - 6647-рэ (проценти 10,039-рэ), Морозов Виктор - 5385-рэ (проценти 8,042-рэ), Дым Мухьэмэд - 4571-рэ (проценти 7,014-рэ). А бжыгъэхэр ирагъэхьынущ партым и федеральнэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым.

- УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр фокІадэм и 18-м хахынуц. Щхьэгуэш Адэлбий Къэрал Думэм хьэхьнущ, зы мандат Іэтэтым кърикІуахэмкІэ адрей кандидатхэм япэ итщи. Дыщогъуэ абы къыкІэлъыкІуэ кандидатищыр - Геккиев Заур, Марьяш Иринэ, Къардэн Мурат сымэ - федеральнэ партыр къэзыгъэлъагъуэхэм ящыщу пхыкІыну,- жиІащ партым и щІыналъэ къудамэм и секретарым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къэрал кIэлъыплъыныгъэр къэтIасхъэркъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Адэкl эбы псалъэ иритащ Кравцов Сергей. Къэралым ЕГЭ-р зэрыщекIуэкIым, абы кIэрикIуэхэм тепсэлъыхьу, ар кIыхьигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм, къапщтэмэ, КъБР-м и кIуэцIкIэ къэрал кIэпщытэнэхэм я Iуэхур еджакIуэу зэрыхуэежьар.

- Федеральнэ кIэлъыплъыныгъэ тKIийм дапщэщи щIэт а экзаменхэр иужьрей илъэсхэм зэрекIуэкIым кIэагъэльагъэ абы хэт псоми Iуэхум хуаIэ жэуапльнэгъэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар, - кIыхигъэщащ Кравцовым. - Фимыныгъэ фи республикIэр кIыхэдгъэбелджылыкIауэ, зэхуэдэ гулъытэ худощI Кавказ Ищхъэрэмии УФ-ми хьыхь адрей субъектхэми. Ди мурадри зыщ: ЕГЭ-р кIыхьзухэтыншэу, тэмэму зэфIэкIынырщ, сыту жыпIэмэ экзаменыр екъулIэныгъэкIэ зыт ныбжьыщIэрэ зы щIэныгъэм, зэфIэкIкIэм лъэпощхьэпоуншэу хэзыгъэхъуэну Iэмал зиIэр.

Кравцовым зэрыжиIамкIэ, къэпщытэныгъэхэм я нэхъыбапIэм тест Iыхьэр хахащи, тхыгъэ лэжьыгъэщ кIанэр. Ущiэгужьеини ущIэшынэни хэпкъыым - Iуэхуи жэуапльныгъэр зыхиущIу бгъэдыхьа дэтхэнэми хуэтынуц. Апхуэдэу абы IыкIи ныкIигъащащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм кIыззращтэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ зэримыIэри.

Зыуэ щыт къэрал экзаменыр 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIынымрэ абы екъулIа Iуэхугъэ щхьэхуэхэмрэ теухуат **Емуз Нинэ** и къэпсалъэныгъэр. Абы зэрыжиIамкIэ, зи пашэ министерствэм лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIихащ а IуэхугъуэмкIэ. Кьыззрагъэпэщащ икIи щIыпIэхэм щолажьэ ЕГЭ-мкIэ гуп щхьэхуэхэр, ирагъэкIуэкIащ адэ-анэхэм, еджакIуэхэм щахуэзз «стIол хьурейхэр», зэпсэльынэгъэхэр.

- Ди республикэм мы гъэм щылэжьнэу ППЭ-уэ 26-рэ, экзаменхэр щекIуэкIынущ аудиторэ 309-м. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри кIыззгъэпэщащ видео-кIэлъыплъынигъэкIэ. Кьыззрапщытэ лэжьыгъэхэр (КИМ) экзаменыр щекIуэкIыну дыдэм дежи электрон пощткIэ кьаIэрыхьэну аращ иджы, итIанэ аудиторэхэм нэрылъагъуу щытрадзэнущ, щагъэбзэгъэнущ. Экзаменхэр ныбжьыщIэхэм ирагъэтыну дгъэхьэзыращ цIыху 2005-рэ. Апхуэдэхэщ Къэрал комиссэм хэтхэр, ППЭ-хэм я унафэщIхэр, кьызэгъэпэщакIуэхэр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр, нэгъуэщIхэри, - жиIащ министрым. - Накъыгъэм и 27-м ныбжьыщIэхэм ят литературэр. Абы кьигъэлъэгъуэнущ тхуэзфIэкIахэри дызыхунэмысахэри. Дэтхэнэми тхэлъ жэуапльныгъэм куэд елъытащ.

Ди щIыпIэм ЕГЭ-м и Iуэхур зэрыщыз-теувам щытепсэлъыхьыным, **Музаев Анзор** кьыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм хьыхь щIыналъэхэм ящыщу ар нэхъ кьызыхэтыншэу щекIуэкI республикэ зэрыхъуар.

- Уеблэмэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкl и министерствэм дзыхь лъагэ хуэощIри, аращ кьызыхуедгъэкьыр щIыналъэ псом и ныбжьыщIэхэм къэпщытэныгъэ зэратыну КИМ-хэр. Фи республикэр хъуащ Iуэху зехьэкIащIэ мардэхэм я къэралпсо утыку. Ар хьыхащ мы гъэм ящэ кьетхъэжьа «Сэ ЕГЭ схуэтынущI» проектми, - щытхъу псалъэхэр жиIащ Музаевым. - Сыт и уасэ фи «ДыгъасфIэ кьалэр»! Сабийм зиужьынымкIэ абы иIэ Iэмалхэм хуэбгъадэ хъун къэралым нэгъуэщI щымыIэни ярейщ. Ари хъунущ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт къэралпсо утыкушхэу.

ЕГЭ-м хэт жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр зэрагъэхьэзырым теухуат **Красноруцкий Павел** и псалъэхэр. Абы зэрыжиIамкIэ, мыгъэрей экзаменхэм хуэхьэзырыд къэпщытакIуэ мини 3-м щIигъу. Абыхэм яхэтщ КъБКъУ-м, КъБКъМУ-м я студент 200. Ахэр щылажьэнущ къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъэхэм.

ЗэIущIэм щекIуэкIа псалъэмакъыр кьызэщIикъуэжу, абы и кIэухым **КIуэкIуэ Юрий** жиIащ ЕГЭ-р КъБР-м 2016 гъэм щегъэкIуэкIыным гулъытэшхуэ зэрыщыхуащIынур, абыкIэ жэуапльныгъэшхуэ щIыпIэ гъэзэщIакIуэ властхэм зэрахьри ягу кьигъэкIыжащ. Апхуэдэу абы фIыщIэ ин яхуищIащ Кравцовым, Музаевым, Красноруцкэм, ди щIыналъэм кьыхуащI гулъытэм папщIэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Узыншагъэ

Ягъэхъужахэм я бжыгъэм хохъуэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и наркологие диспансерым пщэфIапIэ пэщыщIэ хуащIри зыхуеину пэшхьэхуэмкIэ, унэльащIэмкIэ кьызэрагъэпэщащ.

АР кьызэуахьи ипэ наркодиспансерым щIэлъхэм жьэн уэзым щебэн хъудамэм и пщэфIапIэрщ я ерыскъыр щызэрахьэу щытар. Дохутыр нэхъыщхьэ Пашевкин Олег зэрыжиIамкIэ, махуэ кьэс диспансерым цIыху 200-м нэс щагъашхэ, пщэфIэ Iэзэм абыхэм кьуэат зыщIэлъ шхын узынщэ хуагъэхьэзыр. «Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэр фадэм, наркотикым дихьэха цIыхухэр гъащIэ узынщэм хэтшэжынырщ. Абы и зы Iыхьащ ерыскъыр. Ди дежи зыщцIэзыгъэхъужхэм ирахьэкIа гъащIэ мыхъумыщIэм и зэранкIэ, мэжвIа куэд яхэтщ. Абыхэм я лъатэр зэтедгъэувэжынри кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ».

Иужьрей илъэситIым Iуэхущ Iэн узыншагъэр кьызэрапщытэ IэмэпсымэщIэхэмрэ Iэмалыщ Iэхэмрэ я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп. Псори зыхэту абы илъэсым цIыху 3500-м зыщагъэхъуж.

2014 гъэм федеральнэ мылъкум кьыхэкI ахъшэкIэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм сом мелуан 18 и уасэ медицинэ Iэмэпсымэ 203-рэ кьащхуащ. Республикэ бюджетым и хьэкъкIэ сом мелуан 21-рэ Iуэхущ Iэн Iэхэм зехьэным трагъэкIуэдащ.

Гъэ кIуам сом мелуан 1,6-рэ и уасэ медицинэ Iэмэпсымэ къащхуащ, наркологие диспансерым и кIэнэ къатыр зэрахьащ, бжэ-щхьэгъубжэхэмрэ унэльэгумрэ зэрахъэкIащ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэшыныкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым иужьрей зэманым ехьулIэныгъэ иIэу къеГъэсэбэн кIэртIофыр узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхъумэныкIэ дуней псор зыхуэкIуа Iэмалхэр.

Мы Iуэхум щелэжьу Белоканскэкэ кьуажэм щызэхэтащ агрофирмэ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр щIэупщIа зиIэ кIэртIоф лъэпкъыфIхэр гъэбзэгъэныращ. Институтым и щIэныгъэлIэхэм апхуэдэ кIэртIоф лIэужьыгъуэу 5 кьаГъэкIащ. Абыхэм ящыщщ «супер-элита», «элита» жыхуэтIэкIэр. Мыхэр ди щIыпIэм сыт и лъэныкьуэкIи кьоззэ, зы гектарым хуэзэу кьытрахьыр центнер 360-м ноблагъэ.

Мы гъатхэм кIэртIоф жылапхъэфIкIэр щыхасащ Май, Прохладнэ, Бахъсэн, Щэджэм щIыналъэхэм. Кьапщтэмэ, абыхэм кIэртIоф пасэр хьарзынэу кьайхъулIащ

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дзэлыкъуэ щIынатIэ

КIэртIофым йогугъу

● ПсэупIэ

Унэхэр зехьэн хуейщ. Зыбгъэгувэ хъунукъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр куэду зэхэт унэхэм я нэхъыбэр жьы щыхъуащ. Псэуныгъэм егъэщIылIа Iэмэпсымэхэр зэрылIэужьыгъуэ куэдым икIи ахэр зэрагъэувэрэ илъэс Iэджэ зэрыдэкIам къыхэкIыу, фэтэр куэду зэхэт унэхэр зи ныбжь хэкIуэта цIыхум ебгъапщэ хъунущ. Ауэ иужьрейм езым и узыншагъэм кIэлъыплъыну, ар иригъэфIэкIуэну Iэмал иIэмэ, унэхэр зезыхьэн хуейр абы щыпсэухэрщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщI, Iуэхур зезыгъакIуэ компаниехэм, ТСЖ-хэм, псэупIэ кооперативхэм ахъшэ къаутыпщ унэхэр ремонт къызэрыгуэкI ящыын папщIэ, арщхьакIэ зыумысыжын хуейщ апхуэдэ лэжьыгъэхэм унэхэр къызэрырамыгъэлымкIэ: ахэр и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху кууэу икIи егупъуу зэрахьэн, нэгъуэщI жыпIэмэ, сыт и лъэныкьуэкIи къагъащIэрэщIэжын хуейщ. Арыншамэ, апхуэдэ унэхэм ущыпсэуну тыншыгъуэ щыIэнукъым, езыхэри кхъахэ хъунущ.

ЗэфIэУВА щытыкIэр къэрал псом хуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрми щыхэплъэгъуэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ унэхэу итыр къэгъэщIорэщIэжын хуейщ, дауи, иджы дыдэ яухуахэр е нэхъапэIуэм зэрахьахэр яхэмыту. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унэхэу щыналъэ программэм хагъэхьахэр къагъэщIорэщIэжыным сом мелард 11-м нэблагъэ текIуэдэнущ. АрщхьакIэ бюджет лIэужьыгъуэ псомкI я мылъкур нэхъыбэу зрахьэлIэр псэуныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэхэр зэфIэгъэкIынырщ, сабий садыщIэхэр, школыщIэхэр, сымаджэщхэр яухуэныращ, улахуэхэр тынырщ. Абы къыхэкIыу унэхэр къэгъэщIорэщIэжыным трагъэкIуэдэну мылъкум и кIыхьжкIыпIэ нэхъыщхьэу мы зэманым щыIэр ахэр зейхэм зэхуахьэсу ахъшэрщ. ИкIи ар тэмэму къыщIэкIынущ: къанэ щIагъуэ щымыIэу фэтэр псори приватизацэ щащIа унэхэр налог зытхэм я ахъшэкIэ къафэщIэрэщIэжыныр захуагъэкъым. Сыт хуэдэу щымытами, мы Iуэхур зэфIэгъэкIын хуейщ, арыншамэ, илъэс зыбжанэ дэкIмэ, а унэхэр ущыпсэуну къемызэгъыжу кхъахэ дыдэ хъунущ.

Мис араща 2015 гъэм и щIыпIым къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту Урысей Федерацэм и щIыналъэ псом фэтэр куэду зэхэт унэхэм щыпсэухэм «ремонтыщхуэм папщIэ» псалъэхэр зытегъуэ квитанцэхэр яIэрыхьэу щыхуежьар. ЦIыхухэм маз хъсэ ятын хуей ахъшэр фонд щхьэхуэм макIуэ е коммерцэ банкхэм щызэхуахьэс.

Налшык и къэрал кинокончерт гъэлъэгъуапIэм КъБР-м Щэнхабзэмкl и министерствэм и коллегие щызэхэтащ. Зэхьихьэр иригъэкIуэкIащ министр Къумахуэ Мухьэдин. Ар теухуауэ щытащ Iуэхущ Iапl Iэхэм блэкIа илъэсым зэфIагъэкIахэмрэ мы гъэм къапэщылъхэмрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Iтащхьэм и чэнджэщгъу **Дроздов Игорь**, республикэм и Унафэщ Iэм и Администрацэм ЩIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и пашэ **Къуэжей Артём**.

Къумахуэ Мухьэдин къытеувыIащ отчёт лъэхъэнэм къриубыдэу я лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зыхуэзынэтIауэ щыта Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэу кьигъэлъэгъуащ Iуэгъэджэм зегъэужьыным, цIыхуб творчествэр егъэфIэкIуэным зэфIэкIрэ къарууэ иIэр зэрырахьэлIар. БлэкIа илъэсым къэралыр финанс-экономикэ щытыкIэ гугъу ятами, щIыналъэм и щэнхабзэ Iуэхущ Iапl Iэ зыбжанэ кьаIэтыжащ. Сыт и лъэныкьуэкIи зыхуэй хуэзэу зэрагъэпэщыжащ Нарткъалэ, Шэджэм, Къулъкъужын, Псынабэ, Прималкинскэ, Яныкъуей, Лашынкъей, Щхьэлыкъуэ, Къэщкъэтау, Аушыджэр щыIэ щэнхабзэмкIэ унэхэр, сабий музыкэ школхэр.

Министрым зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ гулъытэ ин хуащIащ зи узынщагъэм нэхъусаныгъэкIэ иIэ цIыхухэм я зэфIэкIым зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхухэм. Апхуэдэхэм папщIэ ирагъэкIуэкIащ «Я радость нахожу в друзьях» республикэ фестивальр, «Доступная среда» программэм хьихьэу, библиотекэхэмрэ музейхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ зэхьихьэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщащ. КьищынэмыщIауэ, наркотикымрэ фадэмрэ цIыхухэм зыщдахьымэным, я узынщагъэр ирагъэфIэкIуэным, щIэблэм я гъэсэныгъэм, ныбжьыщIэхэм Хэкур фIыуэ ялъагъуэ къэгъэхъуным теухуа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхалъхьащ. 2015 гъэр Литературэм и илъэсу зэрагъэувам хьихьэу щIыналъэм и литературэм зегъэужьным, тхыльеджэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуным теухуа урысейпсо щэнхабзэ-уэрщIынигъэ Iуэхухэм жыджэру, тхакIуэхэмрэ тхыльеджэхэмрэ я зэIущIэхэр, лъэпкъ литературэхэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ къыщалъхуа, дунейм щекIужа махуэхэм ирихьэлIэу зэхьихьэ щхьэпэхэр, гукъинэжкэр ирагъэкIуэкIащ.

Къумахуэ Мухьэдин и гуапэу къыхуигъащащ щэнхабзэм и лэжьакIуэ 600-м ират стипендием хуэдитIкIэ нэгъабэ зэрыхагъэхъуар, щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIыкIуэ щыхуэ 10-м - сом мин щырыщ, зэфIэкI зиIэ зэряджыжакIуэ ныбжьыщIэу 30-м стипендиеу сом 1500-рэ зэрыхуагъэувар. Апхуэдэу жиIащ КъБР-м Щэнхабзэмкl и фондым, республикэм и ТхакIуэхэм, Композиторхэм, Театр лэжьакIуэхэм, Сурэтыщ Iэм я зэгухьэныгъэхэм, щэнхабзэ, гъэзджэ Iуэхущ Iапl Iэхэм лжьыбгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр икIи абыхэм я унафэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм жьыджэру зэрыхэтым папщIэ. Отчёт лъэхъэнэм кьриубыдэу республикэм и музейхэм я Iуэхугъуэныгъэ лIыщIэхэр зэрыщагъэувам, нэгъуэщI щыпIэхэм зэрызыкьыщагъэлъэгуам, артистхэр щIыналъэм и курыт еджапIэхэм я гъэсэнхэм зэрыIущIам кьытеувыIащ. Нэхъыщхьэращи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ, гъэзджэ Iуэхущ Iапl Iэхэм нэгъабэ щащIа пщэрылъхэм хъарзынэу щекIуэлIащ, абыхэм екIуалIэхэм, кьыщыззрагъэпэщ зэхьихьэхэм я бжыгъэм хэхъуащ.

- Республикэм и жылагъуэ-щэнхабзэ гъащIэм зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ. ЩIыналъэм и артистхэм, зэряджыжакIуэхэм, къэфакIуэхэм мыхьэнэ зиIэ зэхьихьэ куэдым зыкъыщагъэлъэгъуащ, урысейпсо, республикэпсо Iуэхухэм жыджэру хэтащ, ди щIыпIэм кьыдэкIуэу нэгъуэщI хэгъуэгуэхэм щекIуэкIа зэпеуэ, фестиваль зыбжанэм екъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ. Апхуэдэхэщ Налшык къалэм щыIа «Кафэхэр Iуащхьэмахуэ и щыгум», «ХьэтIохъущокъуэ жыг хадэ», Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ Мэхъэчкъалэ щекIуэкIа фестивалхэр, нэгъуэщI-хэри. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щыгъуэ мазухэм, махуэщхуэхэм, Теплыщ Iэкъуэ Иныр къыззрахьрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа зэ-хьихьэхэр, дунейм ехыжа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я фэепльыр мыгъэкIуэдыжыным екъэлIа Iуэхухэр къызздгъэпэщащ, я кхъащхьэхэр зыхуей хуэдгъэзэжащ, - жиIащ Къумахуэм.

Республикэм и щэнхабзэ Iуэхущ Iапl Iэхэм я Iуэху зэIумыбзэхэми министрыр кIэщIу къытеувыIащ. Апхуэдэу къигъэлъэгъуащ яныныгъэм зрагъэужьын папщIэ яIэжьынухэр зэраубзыхуар. Апхуэдэщ 2016 гъэр Кином и илъэсу зэрагъэувам и щIыхькIэ кино ГуазджэмI теухуауэ зэфIагъэкIыну къагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр илъэс 95-рэ зэрырикъур, нэгъуэщI республикэ махуэшхуэхэр Iэтауэ ягъэлъэпIэн, щэнхабзэ фестивалхэр, зэпеуэхэр, зэхьихьэхэр ирагъэкIуэкIын, Гуазджэхэмкl эбгъэ сабий школхэр зыхуей хуагъэзэн, ахэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ фэилъхьэгъуэхэмкIэ кьызэрагъэпэщыжыр, нэгъуэщIхэри. ЩIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, псапащIэхэр Къумахуэм кьыхуриджащ гъуэзджэ, щэнхабзэ Iуэхущ Iапl Iэхэр къэзэтыжыным, абыхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным я зэфIэкI ирахьэлIэну. Щэнхабзэ Iуэхущ Iапl Iэхэм я унафащIхэм министрым пщэрылъ ящищIащ я лэжьакIуэхэм ику иту маззм яIэрыхьэн хуей улахуэр ямыгъэмэщIэну.

Нэгъабэ зэфIагъэкIахэр, зрагъэхъуЛахэр кьызэщIакъуэжу зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м Щэнхабзэмкl и фондым и унафащI, кинорежиссёр, тхакIуэ, журналист **Вэрокъуэ Владимир**, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и пашэ **Жангуразов Мэжид**, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс**, Прохладнэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Нерубленкэ Оксанэ**, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ НыбжьыщIэхэм я библиотекэм и унафэщI **Хьэту Майе** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къэпсэльахэм жаIам гупсэхуу едэIуа нэужь, Къуэжей Артём Къумахуэм фIыщIэ хуищIащ республикэм и щэнхабзэр ефIэкIуэным теухуауэ я Iуэхущ Iапl Iэм и лэжьакIуэхэм Iуэху куэд зэрызэфIахым папщIэ. Апхуэдэу кьыхигъащащ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ щIыналъэм зыщрагъэужьын папщIэ Iуэху бгъэдыхьэкIащIэхэр кьызэрыхьэр зэригуапэр икIи кьуриджащ зрагъэхъуЛахэм деж кьыщымыувыIэу дяпэкIи зэкъуэту зэдзлэжьэну, зэхьихьэ щхьэпэхэр кьызэрагъэпэщыну.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и район, кьалэ, кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я кьуэдзэхэр, щэнхабзэ Iуэхущ Iапl Iэхэм я унафащIхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

● ЗэIущIэхэр

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщылъхэмрэ

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдей зауэлI.
Сурэтыр **Штерн Бернхард** *ищIащ. 1865 гъэ*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Сабийр кърегъэл

Братск къалэм мы махуэхэм телъыджэ къыщыхъуащ. Унэм и етІуанэ къатым къыдэхуа илъэситху фІэкІа мыхъу сабийр щІым нэмыс щІыкІэ полицэм и лэжьакІуэм къиубыдыжащ.

ИРКУТСК областым и МВД-м и пресс-Іуэхущ-ІапІэм зэрыщыжаІамкІэ, ар къыщыхъуар накъыгъэм и 20-рщ. Уголовнэ къэпльхъуэнгьэм и лэжьакІуэ Юмдашев Борис пщэдджыжьым лэжьапІэм къыщикІыжьым унэ щІыхьэпІэм и деж къыщыувыащ икІи абы гу лъитащ етІуанэ и къатым и щхьэгъубжэ Іугъэзэщ1ыкІам щІалэ цІыкІу гуэр кьыІэрыІууам. Нап1эзэпІэм сабийр щхьэгъубжащхьэм къецІэнтхьэщ. Сержант нэхъыжьым асыхьэтым щІалэ цІыкІум и лъэныкъуэмкІэ зричащ икІи асфальтым техуэным метр ныкъуэ фІэкІа имыІэжу ар къиубыдыжащ.

Сержант нэхъыжь Юмдашевым зэрыжиІэмкІэ, къыщыхъуар накъыгъэм и 20-рщ. Уголовнэ къэпльхъуэнгьэм и лэжьакІуэ Юмдашев Борис пщэдджыжьым лэжьапІэм къыщикІыжьым унэ щІыхьэпІэм и деж къыщыувыащ икІи абы гу лъитащ етІуанэ и къатым и щхьэгъубжэ Іугъэзэщ1ыкІам щІалэ цІыкІу гуэр кьыІэрыІууам.

Я быныр къыІэрыригъэлам папщІэ полицэм и лэжьакІуэм адэ-анэм фІыщІэ хуащІри, гъэмахуэ пльхъэнэм къриубыдэу щІалэ цІыкІур къуажэм щагъэІэну яшэжащ.

«Труд».

Унафэхэм я гъэзэщІэкІэм лъогъуазэ

● Къэпщытэныгъэ

Путин Владимир и «накъыгъэ» унафэхэр зэрагъэзащІэм лъагъуэзэну блыщхьэ кІуам зэхэта комиссэм наІуэ щыхъуакъым абыхэм къыщыгъэлъэгъуа социально-экономикэ мардэхэр гъащІэм хэпщэнымкІэ гугъэ щыІэрэр. УпщІэ нэхъыщхьэхэм темыпсэлъыхьын щхьэкІэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и министрхэм Путиным и пащхьэ къралъхьащ демографием щагъэжьауэ ЖКХ-м щІухьжьыу бжыгъэ куэдыкІейхэр. Ауэ нэхъыбэу цІыхухэр зыгъэпІейтейхэу бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэм, пенсэ реформэм, «накъыгъэ» указхэм пэмыльэщ щІынальэхэм я щІыхуэхэм теухуа псалъэмакъхэм зыпыІуадзащ.

«Накъыгъэ» унафэхэр къыщыдэкІар 2012 гъэм Путин Владимир щІэрыщІэу Президенту хахыжа нэужьщ. Абы щІэзэхуэхьэсауэ щытащ хэхыныгъэ компанием къриубыдэу лІыщхьэм цІыхухэр къыІэригъэгугъауэ щыта Іуэхугъуэхэр. Къапщтэмэ, абыхэм къыщыгъэлъэгъуат егъэджэныгъэр, медицинэр егъэфІэкІуэн хуейуэ, бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэр къэІэтыпхъэу, пенсионерхэм къэІэрыкъэ ахъщэм ириІсуу игъэпсэуу щІыныр. Апхуэдэ псалъэр щатам цІыгъуэ щІыдагъэм и зы баррелыр доллари 113-рэ и уасэт, ипэкІэ уплъэмэ, укъэзыгъэщІэхъун Іухугъуэ щыІэтэкъым.

АрщхьэкІэ илъэс кІуам икуэм къыщыщІэдзауэ щІэныгъэлІэхэм жаІащ унафэщІэхэр зэрыщыгугъам хуэдэу къыІэрыщІэмыкІынур. Къэралым и экономикэ щытыкІэр Іисраф хуауэ, унафэ яГъуэвахэр яГъэзэщІэн папщІэ щІынальэхэм щІыхуэ къащтащ. 2015 гъэм и кІэм ирихьэлІэу хэгъуэгуэхэм я ныкъуэм и нэхъыбэм къэралщІыхуэу етелъыр езыхэм яІэ хэхъуэм и процент 50-м хуэкІуащ, абыхэм ящыщу 7-м апхуэдэхэр процент 100-м щІигъащ. ЩІэныгъэлІэхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, щІынальэхэм я финанс щытыкІэр нэхъыкІэж хъунущ «накъыгъэ» унафэхэр яГъэзэщІэныжмкІэ пщэрыльыр 2016 гъэм Правительствэм абыхэм ящхьэщимыхмэ.

АрщхьэкІэ, Путин Владимир комиссэм и зэІущІэр къыщыдэІуихым жиІащ, унафэхэм зэхъуэкІыныгъэ зэрыхамылъхьэнур икІи зыми дэчых зэрыхуамылъыщынур. Указхэм къыщыгъэлъэгъуа кьалэнхэр къэралым и щІынальэ псоми щагъэзэщІэн хуейщ. «Дэ ди цІыхухэм я пащхьэм кьалэнышхуэ ди пщэм щыдэтлъхьэжащ икІи гугъуехьэр щхьэусыгъуэ дымыщІу ди пщэрылъхэр дгъэзэщІапхъэщ», - къыхигъэщащ Президентым.

Нэхъ зэхэщІыкІ зыбгъэдэлъ къулыкъущІэхэм а псалъэхэм халъэгъуащ Медведев Дмитрий хэгъэзэщ мыарзэныгъэр: тхьэмахуэ блэкІам ар тепсэлъыхьауэ щытащ экономикэм и щытыкІэ хьэлъэм къыхэкІыу «накъыгъэ» унафэхэр гъэзэщІэнри гугъу зэрыхъуар икІи министрствэхмэрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ яжриІащ зэфІэкІ яІэхэм теухуауэ кьалэнхэр зэрагъэзэжьыну. Езы Правительствэм зэрыщыжаІамкІэ, Президентым и унафэхэм ящыщу процент 88-р яГъэзэщІащ: 218-рэ хьуртри - кьэнэжар 64-рэщ. АрщхьэкІэ Президентым ар игу ирихьакъым.

- Лэжьыгъэ агъэзэщІахэр бжыгъэкІэ кьэпщытэн хуейуэ е, ди дежкІэ къэзэрекІуэкІын хуэдэу, отчёт птхымэ зэфІэкІакъым, - къыкигъэщащ Президентым, - ЦІыхухэм зыхащІэн хуейщ фІы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэ зэрыщыІар.

А зэхъуэкІыныгъэхэр сыт хуэдэми псоми яГу кьагъэкІыжащ зэІущІэм кьыщыпсэльа кІуплькІуущІиплІым. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министр Топилин Максим и докладым щыжиІащ сымаджащэм, школхэм, сабий садхэм, библиотекэхэм я лжьхэм теухуауэ цІыхухэм я мыарзэныгъэр кьагъэлъэгъуэну Іэмал зэрагъэзат. Псори зэгъуэгу кьапщтэмэ, кьалъыс кьалэнхэр гъэзэщІа хуащ - цІыхухэр зыхущІэкъухэм ятехуауэ Іуэхутхьбзэжэр гъэзэщІэныр ирагъэфІэкІуэнущ. Узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Скворцовэ Вероникэ щигъэгъуэзащ демографие щытыкІэмрэ кьуажэхэм щыІэ медицинэм и лэжьакІуэхэр нэхъыбэ ящІыну Іэмал кьезыта «Земский доктор» программэм и гъэзэщІэкІэмрэ. ЖКХ-м щылажьэ зезыгъаКІуэ компаниеихэм лицензэ етыным яІэу кьрикІуахэмкІэ дзэгушаущ Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ къэралым и министр Мень Александр. Іуэхутхьбзэ куэд зэуэ щыІэфІагъэкІ (МФЦ) центр 2500-м я лэжьакІэм зыщІагъэгъэзэну Путиным ирипльблэгъащ Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министр Улюкаев Алексей.

Хабзэ зэрыхъуауэ, дэтхэнэ зы къулыкъущІэми комиссэр бжыгъэ защІэкІэ щІагъэнащ, гъащІэм и кІыхьагъым щегъэжьауэ коммунальнэ сэтхэм кьыщыхъу авариехэм щыуихыжу. Ауэ бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэми (унафэхэм къэзыгъэзэжьыгъэ Іуэхущ1апІэхэм) пенсионерхэм я хэхъуэ-кІэ, 2018 гъэм ирихьэлІэу ахэр хуэдэ 1,4-1,5-кІэ хэхъуэн хуейщ) пенсионерхэм я хэхъуэ-ми теухуауэ (зэрыпсэун нэхъ мащІэ дыдэ мылькум нэхъ хуэди 2,3-кІэ нэхъыбэн хуейщ), щІынальэхэм ятелъ щІыхуэхэм я гугъу умыщІыхьи, докладхэм зы псальи кьыщыхэщащхьым.

АрщхьэкІэ, Путин Владимир псалъэ итащ бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэм правительствэм хэтхэм я зы зэІущІэ гуэрым щытепсэльыхьыну.

ЕГОРОВЭ Еленэ.
«Московский комсомолец»

● Транспорт

СОКОЛОВ Максим: Тыншщ узыхэдэн щыщыІэм и деж

Урысей Федерацэм транспортымкІэ и министр Соколов Максим иджыблагъэ «Комсомольская правда» газетым и журналистым хутепсэльыхьащ лІэ зыщІат гъэзугхэм, къхъухьлатэхэм я билетхэм я уасэм, «Платон»-м, нэгъуэщІхэми.

Гъэмахуэмрэ билетхэмрэ

- ДапэкІэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм щІидзэнущ. Абы къыхэкІыу апэ упщІэр теухуащ къхъухьлатэхэмрэ билетхэмрэ. Бжьыхьэ кІуам псалъэмакъ куэд къекІуэкІауэ щытащ 2016 гъэм къхъухьлатэхэм я билет уасэхэм хэхъуэну. Апэрауэ, «Трансаэро» компаниер лэжьэжыркъым. ЕтІуанэрауэ, авиакомпаниехэм я лэжьыгъэм трагъэкІуадэ мылькур нэхъыбэ мэхъу. Сыт абы къытхуихьыну?

- Илъэс блэкІамэ 2016 гъэм и ляпэ мазищымрэ кьурибыдэу дэ гу лъытатэкъым инфляцэм щхьэщыкІыу, уигъэгъавэу уасэхэм хэхъуауэ. Уеблэмэ, языныкъуэ унэтІыныгъэхэм, псом хуэмыдэу «Победа» лоукостыр щылъатэхэм уасэхэр ехащ.

Кьыхэзгъэщыщи, мэлыжьыхьым и кІыуохэм сэ Чувашием сильэтыкІри, Мэзкуу сыкІуащ. Билетыр ипэ иту кьэсщэхуакъым, атІэ а махуэ дыдэм зыІэрыгъэхьащ, абы кьыдэкІуэуи, компанием и лэжьакІэр кьэспщытэну сыхуеящ. Уасэр езэгъабгъущ - къхъухьлатэкІэ сыхьэтрэ ныкъуэрэ зыдэль гъэгуанэм сом 2100-рэ хуэзэу аращ, сыхьэт 11-кІэ гъэзгу уэзрытет автобусым и билетыр сом 1050-рэ и уасэщ.

ЩытыкІэр псори зэгъусэу кьапщтэмэ, «Трансаэро»-р зэрыхэмытыжьым рынокым апхуэдэу зэхъуэкІыныгъэшхуэ хилъхьаКІыну. Ди къхъухьлатэ компаниехэр хъарзынэу полъэщ пассажирэр кьежэкІыным. Нэгъабзэрей щытыкІэм кьыІэзрыщхьэщыкІышхуэ щыІэкъым, проценти 2,5-кІэ нэхъ мащІэ хъунущ мы гъэм зэрыщІидзэрэ. Ауэ апхуэдэ бжыгъэкэр, уеблэмэ, процент 20-м нэблагъэкІэ нэхъ мащІэ хъуныр езэгърабгъущ.

- Илъэс блэкІам ди цІыхухэм ящыщ куэд Египетымрэ Тыркумрэ зыгъэпсэхуакІуэ лъатэу щытащ. Дэнэ иджы ахэр здэкІуэр?

- Пэжщ, зэуэ хамэ кьэрал унэтІыныгъащ зэхуащІащ - Украинэр, Египетыр, Тыркур. Абыхэм я зэранкІэ нэгъуэщІ кьэралхэм лъатэхэм я бжыгъэр процент 30-40-кІэ екъуэщ. Ауэ кьэрал кІуэцІ щытыкІэр едгъэфІакІуэурэ ар зэпІэзэрыгъэщІэн тхузэфІэкІащ. 2015 гъэм кьрикІуахэм урипльэжмэ, процент 57-рэ кьэрал кІуэцІ унэтІыныгъэхэм ярубыдащ. 2012 гъэм апхуэдэр зэрыхъур процент 47-рэт. Урысей туристхэр кьэралым имыкІыу зэпсэпсэхумэ нэхъ къащтэ, абы и фІагъышхуэ кьоКІ кхъухьлатэ компаниехэм. Льэпкъ авиацэхэр зэтеІыгъэнымкІэ сэбэныпшхуэ хъуащ налог ставкэхэр зэрагъэзэщІар, процент 18-уэ щытар процентри 10-м хуагъэкІуащ. Ар Правительствэм и жэрдэму щытащ. Ику иту къащтэмэ, зы цІыхум хуэзэу уасэр процентри 5,5-кІэ хэхъуащ, инфляцэм и инагъыр процент 13 хъуа пэтми.

Хэт бюджет мылъкукІэ лъатэр?

- Фэ зэрыжыфІэмкІэ, къэрал кІуэцІ кхъухьлатэ кьешэкІхэр нэхъыбэ хъуащ. Ауэ цІыхухэр зэрыльатэр Урысейм и гуэнапкъэхэм кьриубыдэущ, нэхъыбэм Мэзкуу кхъухьлатэр щызэрахъуэкІын хуей хъууэ. Ар куэдым я дежкІэ тыншкъым. Мэзкуу и кхъухьлатэ зэпыщІапІэхэри абы пэлъэщыркъым...

- Нобэ кьэрал программитку ягъэзащІэ. Абы хиубыдэу илъэс блэкІам цІыху зы мелуанрэ ныкъуэрэ кьрашэкІащ. Мыльку хуауэтІыпщыр 2014 гъэм щыІам хуэдэу кьыщэтенащ - меларди 9 хъууэ. Къэралым бюджет мылъкур кьемэщІэкІ пэтми, иджыри экономикэ щытыкІэмкІэ ар Іэмалымшагъэщ.

ЩІынальэ аэропортхэм ящыжыныгъэхэр ягъуэт. Кхъухьлатэ итІысхьэпІэщІэкІэр щаухуащ. Самарэ, Сабетт, Петрозаводск. Гу зылъытапхъэщи, Сабетт - Ямал хэтыІыгу ныкъуэм и ипщэ дыдэ лъэныкъуэщ. Абы кхъухьлатэхэр щІэх-щІэхьыгъэ мэлъатэ. Мы гъэм къэрал, щхьэзэхуэу мылъкуэмкІэ Пермрэ Красноярскрэ я аэропортхэр зэгъэпэщыжьын щІадзэнущ. КьищыжэмыщІауэ, зыхуей хуэгъэзэжэнущ футболымкІэ 2018 гъэм екІуэкІыну дунейпсо чемпионатым хэтыну кьэкІуэну хъэщІхэр тедзапІэхэри. Апхуэдэхэщ Новгород Ищхъэрэ, Калининград, Волгоград, Саранск, нэгъуэщІ кьалэхэр. Симферополь аэропортыщІэ щаухуэнущ, Дон Іус Ростов апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ. Абыхэм хуахаха бюджетым 2016 гъэм зэхъуэкІыныгъэ игъэтынкъым.

- Къэрал бюджетым щыщу сом меларди 9 бжыгъэр къэбгъэлъэгъуащ. Хэт икІи дэнэ апхуэдиз мылъкукІэ лъэтар?

- Ар КІуэкІыпІэ Жьжьэмрэ Сыбырымрэ Урысейм и курыт щынальэхэм пызыщІэ унэтІыныгъэхэращ. Апхуэдэу Приволжскэ, Сыбыр, Урал, КІуэкІыпІэ Жьжьэ федеральнэ щІынальэхэм кІуэ лъагъуэхэрщ. Псори зэхэту кьэрал программи 5-м унэтІыныгъэ 300-м нэблагъэм субсидие хуеутІыпщ. Абы и мыихьэнэр кьэбгъэльагъэмэ, субсидие зыхуащІа зы цІыхум кьэрал бюджетым и мылъкуу сом 6000 токІуадэ, ар дуней псом щынэхъыфІхэм ящыщщ.

Ди кхъухьлатэ Іуэхущ1апІэхэм защІэгъэкъуэнам адэкІи зегъэужьынкъым. Ауэ мы щІынальэхэм абы хэлъхьэныгъэ хуамыщІу хъунукъым.

- Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэхэм хуэдгъэззжынщ. Ди зыгъэпсэхупІэхэм зыцІыхухэм нэхъ кьатемыхьэлъэу кІуэфын папщІэ сыт хуэдэ Іэмалхэр кьыхэфлъхьэну?

- Турист унэтІыныгъэхэми субсидие кьаІэрыхьэнущ. Кьалэ 58-м икІыу Кьрымым зэрылъэтэн программэхэр зэхэдгъэуваущ. Гупльэтэ нэхъ зыхуащІар цІыху щхьэхуэзрщ: билетхэр нэхъ пуду кьащщхуфынущ пенсэ ныбжьым итхэмрэ илъэс 23-м нэхърэ нэхъ щІалэхэмрэ.

Статистикэм кьегъэлъагъуэ Кьрымым лъатэхэр процентри 10-15-кІэ нэхъыбэ хъуауэ. Илъэс кІуам Симферополь и аэропорт зэгъэпэщыжьын щІадзэнущ. КьищыжэмыщІауэ, зыхуей хуагъэзэжэнущ футболымкІэ 2018 гъэм екІуэкІыну дунейпсо чемпионатым хэтыну кьэкІуэну хъэщІхэр тедзапІэхэри. Апхуэдэхэщ Новгород Ищхъэрэ, Калининград, Волгоград, Саранск, нэгъуэщІ кьалэхэр. Симферополь аэропортыщІэ щаухуэнущ, Дон Іус Ростов апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ. Абыхэм хуахаха бюджетым 2016 гъэм зэхъуэкІыныгъэ игъэтынкъым.

- Къэрал бюджетым щыщу сом меларди 9 бжыгъэр къэбгъэлъэгъуащ. Хэт икІи дэнэ апхуэдиз мылъкукІэ лъэтар?

- Ар КІуэкІыпІэ Жьжьэмрэ Сыбырымрэ Урысейм и курыт щынальэхэм пызыщІэ унэтІыныгъэхэращ. Апхуэдэу Приволжскэ, Сыбыр, Урал, КІуэкІыпІэ Жьжьэ федеральнэ щІынальэхэм кІуэ лъагъуэхэрщ. Псори зэхэту кьэрал программи 5-м унэтІыныгъэ 300-м нэблагъэм субсидие хуеутІыпщ. Абы и мыихьэнэр кьэбгъэльагъэмэ, субсидие зыхуащІа зы цІыхум кьэрал бюджетым и мылъкуу сом 6000 токІуадэ, ар дуней псом щынэхъыфІхэм ящыщщ.

Ди кхъухьлатэ Іуэхущ1апІэхэм защІэгъэкъуэнам адэкІи зегъэужьынкъым. Ауэ мы щІынальэхэм абы хэлъхьэныгъэ хуамыщІу хъунукъым.

- Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэхэм Іуэхущ1апІэхэм ящыщ куэд Египетымрэ Тыркумрэ зыгъэпсэхуакІуэ лъатэу щытащ. Дэнэ иджы ахэр здэкІуэр?

- Пэжщ, зэуэ хамэ кьэрал унэтІыныгъащ зэхуащІащ - Украинэр, Египетыр, Тыркур. Абыхэм я зэранкІэ нэгъуэщІ кьэралхэм лъатэхэм я бжыгъэр процент 30-40-кІэ екъуэщ. Ауэ кьэрал кІуэцІ щытыкІэр едгъэфІакІуэурэ ар зэпІэзэрыгъэщІэн тхузэфІэкІащ. 2015 гъэм кьрикІуахэм урипльэжмэ, процент 57-рэ кьэрал кІуэцІ унэтІыныгъэхэм ярубыдащ. 2012 гъэм апхуэдэр зэрыхъур процент 47-рэт. Урысей туристхэр кьэралым имыкІыу запсэпсэхумэ нэхъ къащтэ, абы и фІагъышхуэ кьоКІ кхъухьлатэ компаниехэм. Льэпкъ авиацэхэр зэтеІыгъэнымкІэ сэбэныпшхуэ хъуащ налог ставкэхэр зэрагъэзэщІар, процент 18-уэ щытар процентри 10-м хуагъэкІуащ. Ар Правительствэм и жэрдэму щытащ. Ику иту къащтэмэ, зы цІыхум хуэзэу уасэр процентри 5,5-кІэ хэхъуащ, инфляцэм и инагъыр процент 13 хъуа пэтми.

Хэт бюджет мылъкукІэ лъатэр?

- Фэ зэрыжыфІэмкІэ, къэрал кІуэцІ кхъухьлатэ кьешэкІхэр нэхъыбэ хъуащ. Ауэ цІыхухэр зэрыльатэр Урысейм и гуэнапкъэхэм кьриубыдэущ, нэхъыбэм Мэзкуу кхъухьлатэр щызэрахъуэкІын хуей хъууэ. Ар куэдым я дежкІэ тыншкъым. Мэзкуу и кхъухьлатэ зэпыщІапІэхэри абы пэлъэщыркъым...

- Нобэ кьэрал программитку ягъэзащІэ. Абы хиубыдэу илъэс блэкІам цІыху зы мелуанрэ ныкъуэрэ кьрашэкІащ. Мыльку хуауэтІыпщыр 2014 гъэм щыІам хуэдэу кьыщэтенащ - меларди 9 хъууэ. Къэралым бюджет мылъкур кьемэщІэкІ пэтми, иджыри экономикэ щытыкІэмкІэ ар Іэмалымшагъэщ.

ЩІынальэ аэропортхэм ящыжыныгъэхэр ягъуэт. Кхъухьлатэ итІысхьэпІэщІэкІэр щаухуащ. Самарэ, Сабетт, Петрозаводск. Гу зылъытапхъэщи, Сабетт - Ямал хэтыІыгу ныкъуэм и ипщэ дыдэ лъэныкъуэщ. Абы кхъухьлатэхэр щІэх-щІэхьыгъэ мэлъатэ. Мы гъэм къэрал, щхьэзэхуэу мылъкуэмкІэ Пермрэ Красноярскрэ я аэропортхэр зэгъэпэщыжьын щІадзэнущ. КьищыжэмыщІауэ, зыхуей хуагъэзэжэнущ футболымкІэ 2018 гъэм екІуэкІыну дунейпсо чемпионатым хэтыну кьэкІуэну хъэщІхэр тедзапІэхэри. Апхуэдэхэщ Новгород Ищхъэрэ, Калининград, Волгоград, Саранск, нэгъуэщІ кьалэхэр. Симферополь аэропортыщІэ щаухуэнущ, Дон Іус Ростов апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ. Абыхэм хуахаха бюджетым 2016 гъэм зэхъуэкІыныгъэ игъэтынкъым.

- Къэрал бюджетым щыщу сом меларди 9 бжыгъэр къэбгъэлъэгъуащ. Хэт икІи дэнэ апхуэдиз мылъкукІэ лъэтар?

- Ар КІуэкІыпІэ Жьжьэмрэ Сыбырымрэ Урысейм и курыт щынальэхэм пызыщІэ унэтІыныгъэхэращ. Апхуэдэу Приволжскэ, Сыбыр, Урал, КІуэкІыпІэ Жьжьэ федеральнэ щІынальэхэм кІуэ лъагъуэхэрщ. Псори зэхэту кьэрал программи 5-м унэтІыныгъэ 300-м нэблагъэм субсидие хуеутІыпщ. Абы и мыихьэнэр кьэбгъэльагъэмэ, субсидие зыхуащІа зы цІыхум кьэрал бюджетым и мылъкуу сом 6000 токІуадэ, ар дуней псом щынэхъыфІхэм ящыщщ.

Ди кхъухьлатэ Іуэхущ1апІэхэм защІэгъэкъуэнам адэкІи зегъэужьынкъым. Ауэ мы щІынальэхэм абы хэлъхьэныгъэ хуамыщІу хъунукъым.

- Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэхэм

Мы гъэм «Евровидение»-м щытекІуауэ жюрим кьилъытащ Украинэм и уэрэджыІакІуэ Джамалэ. Абы игъэзащІащ ермэлыхэм я лъапсэгъэкІуэдым теухуа «1944» зыфІища уэрэдыр. ЕтІуанэ хъуащ Австралием и лІыкІуэр. Урысейм кьыбгъэдэкІыу зэпеуэм хэта Лазарев Сергей кьыхуагъэфэщащ ещанэ увыпІэрщ (телевизорепльхэм я Іэтэтыкъым абы ящ увыпІэр кьихьащ).

«Куэдрэ кхъуркъым, ауэ мыбы нэхъ льэщыр щытекІуакъым. ГурыІуэгъуэщ, Урысейм зэран кьыхуэхъуну зэрыхуеяр. АбыкІэ жюрим лъэкІ кьиГъэнакъым. Лазаревым фІы дыдэу зыкъыгъэльэгъуащ», - итхащ Мэзкуу щыщ гуэрым.

Псалъэмакъым хэт адрейхэм жюрим ящІа чанфэр кьутэжьын хуейуэ кьалъытэ. КьищынэмыщІауэ, куэдым кьиІэзэрыхагъэщІмкІэ, зепеуэм политикэ унэтІыныгъэ иІэу екІуэкІащ.

ЗУБКОВ Иван.
«Известия»

● Зэпеуэ

«Евровидение»-м кърикІуахэмкІэ арэзыкъым

«Евровидение-2016» уэрэд жьыІэмкІэ зэпеуэм кърикІуахэмкІэ мыарзэныгъэм я тхыгъэм Іэ щІадзащ цІыху мин 300-м щІигъэм. Ар къыхилъхьащ Ереван щыпсэу Ованисян Артур.

«МЫ ТХЫГЪЭР «Евровидение-2016» зэпеуэм къариКІуахэм арэзы темыхьэхэм кьабгъэдэкІыу Европэ зыгъэльагъуэ зэгухьэныгъэм ирагъэхьынущ, - щІыжаІэ зэрызыхуагъаззм. Дэ кьыдгуроІуэ жюримэ телевизорепльхэм я дежкІи Іэ-Іэтхіэ текІуар наІуэ пщІыну зэрыгугъур, ауэ мы тІыкІэм Іэ щІэзэщІэ цІыху минипщІ бжыгъэхэр кьэлпльытэмэ, наІуэ мэхъу зэпеуэм щытекІуам ар хуэмыфащэу».

● Дунейпсо чемпионат-2018

Подмосковьем зыгъэсапІэ 11 къыІэрохьэ

ЩІынальэм и унафэщІ хэм зэрыжаІэмкІэ, ухуэныгъэхэр зэрагъэпэщыжыным и мызакъуэу, зыхуэныкъуэ псомкІи ахэр къызэрагъэпэщынущ.

«2018 ГЪЭМ Урысей Федерацэм футболымкІэ щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым ирихьэлІэу Мэзкуу областым кьыщызэрагъэпэщыжынущ спорт ухуэныгъэхэм хьихьэ зыгъэсапІэ 11-р, - жиІащ Мэзкуу областым ухуэныгъэ комплексымкІэ и министр Пахомов Сергей. Абы и псалъэхэм кьызэрыхущымкІэ, лэжьыгъэхэм щІадзэнущ 2016 гъэм. ЗыгъэсапІи 2-р ящыщ хъунущ 2017 гъэм. Апхуэдэхэщ Раменскэ куейм щыІэ «Сатурн»-мрэ Домодедовэ дэт «Авангард» стадионымрэ. Адрей 9-м ехьэлІа лэжьыгъэхэр щызэфІэкІынур 2018 гъэрщ.

Министрым зэрыжиІамкІэ, дунейпсо чемпионатым хуэдэ зэхьихьэхэм я фІыгъэкІэ щІынальэм и зыужьныгъэм псэщІэ кьыхьихьэжынущ.

«Ухуэныгъэ куэдыкІей иджырей мардэм кьыгъэуэхэм хуэкІуэнущ. Дунейпсо чемпионатыр гъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымрэ щІынальэм инвестицэ хэлъхьэныгъэхэр кьыхуихьынущ, цІыхухэм я гъащІэр иригъэфІэкІуэнущ», - дыщигъужащ Пахомов Сергей.

НэхъапэуэкІэ областым кьыщызэрагъэпэщыжын хуейхэм хагъэкІащ Истра кьалэм щыІэ зыгъэсапІэ базэр. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ спортсменхэр зыщІэсын хьэщІэщ комплексым зэрыхэмытыр. Чемпионатым хуахаха адрей базэхэр дэтщ Ленинскэ, Раменскэ, Наро-Фоминск, Воскресенск куейхэм, Домодедовэ, Долгопрудный, Лобня, Жуковский, Химки, Подольск кьалэхэм.

«Regnum»
хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.

НапэкъуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

● Къэхъукъащ1эхэр

Мазищым къриубыдэу еплІанэ лъэмыжыр йохуэх

Приморье крайм хыхьэ Яковлевкэ къуажэм мы махуэхэм автомобиль лъэмыж щехуэхащ. Ухуэныгъэм щІагъэува пкъохэм ящыщ зыр къэуащ.

«ЛЪЭМЫЖЫР зэрехуэхам зыми и зэран кьеКІакъым, - жиІащ куей администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Горбунов Александр. - Иджыпсту лъэмыжым екІуалІэ Іуэгур зэхуащІащ. Кьуажэ гъащІэр зыкІи кьызэпльуда зэхьэкІыжынкъым.

Горбуновым кьызэрыхигъэщамкІэ, зэкІэ унафэ щІакъым лъэмыжыр зэрагъэпэщыжынрэ щІэуэ яухуэнэр. Ар щІехуэхам и щхьэусыгъуэр кхъаз зэрыхъуарауэ хуагъэфащэ.

«Мы лъэмыжым проект дэфтэрхэр иІэкъым. 1960 гъэхэм колхозхэм е совхозхэм яухуауэ щытащ мардэм темыту», - жиІащ Горбуновым.

Приморье крайм щыІэ МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэм и пресс-секретарь Исаметов Михаил гу лъаригъэтащ зи гугъу ящІыр мэкъумэщ техникэр губгъуэм зэрыкІуэ лъэмыжу зэрыщытыр икІи кьуажэм нэгъуэщІ гъэзугхэри зэриІэм кьыхэкІкІэ транспорт зэпыщІэныгъэр зэрызэпымыудар.

ЩІынальэ мыхьэнэ яІэу хэгъуэгуэм лъэмыж 1600-м щІигъу щыщыІэщ. Приморье крайм и губернатор Миклушевский Владимир пщэрыльэ ящищащ лъэмыж ирагъэпэщыну. Абыхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, 139-р ехуэхьнкІэ шынагъуэу кьалъытащ.

Апхуэдэу мэлыжьыхьым и кІэхэм сэкъат игъэтащ Яковлевкэ-Кировкэ гъэзугр зэпызыщІэ лъэмыжым. Мазаем Артём - Находкэ трассэм тет лъэмыжым и ІыхьитІ ехуэхащ. Кьэхъуам кьыхэкІыу уголовнэ Іуэху кьэІэтащ. КьэпщытакІуэхэм кьызэралъытамкІэ, щхьэусыгъуэ хъуащ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр тэмэму зэрырамыгъэкІуэкІар, лъэмыжым иІыгъын хуей хъэлъагъэм щІигъу транспорт зэрытехьар, кхъаХэ зэрыхъуар. Лъэмыж ехуэхам и пІэкІэ мэлыжьыхьым щІэ яухуащ.

«РБК».

● Кризис

Венесуэлэм и насыпыншагъэ

Америкэ Ищхэм щІыдагъэ нэхъыбэ дыдэ щызэІэхэм ящыщ Венесуэлэ къэралыгъуэм гъейр кьытепсыхьащ. Зэ зы щІыпІэм зэм адрейм мэжэщІалІагъэм игъэгужьеи щІыху гупышхуэхэр тыкуэнхэм тоуэ, ерыскъыхэкІ гуэр нэхъ мыхъуми, унэм яхьын папщІэ. Нэхъыбэм шхын кьахуэщэхужьркъым.

ТХЬЭМАХУЭ блэкІам гупышхуэ зэрыгъэхуахэм зэхафыщІащ Венесуэлэм и кьалэхэм ящыщ Маракай дэт бззэрышхуэр. «Абыхэм шэ, щІакхъуэ, хьэжьгъэ кьащтэрт. Бззэрым кьызэрытегуахэм я бжыгъэр минитхум нэблагъэрт», - жеІэ зэрыхьэрийм ирихьэлІа тыкуэнтетым. Апхуэдэ кьэхъукъащІэхэр кьэралым и щІынальэ куэдым щІэх-щІэхьыгъэ кьыщдохъу. Полицэм и лэжьакІуэхэм гупыр яхуэгъэсаБыракъым.

Мыпхуэдэ насыпыншагъэр кхъэъуным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ щІыдагъэм и уасэр зэуэ зэрехуэхар. «Дыщэ фІыщІэр» ящыщу абы кьыпэкІуамкІэ я шхыныр кьэзыщэхуу щыта къэралыгъуэм иджы апхуэдэ зэфІэкІ иІэжкъым. Уеблэмэ щІым трасэу щыта кьэкІыгъэхэри уэгъум ихьыжащ, псыхэр апхуэдизкІэ ехащи, гидроэлектростанцэхэр яхуэгъэзэжьыркъым. Кьэралым щыщыІэ инфляцэр процент 540-720-м хуэкІуащ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Лъэпкъ музейр илъэс 95-рэ ирокъу

КЪБР-м и Лъэпкъ музейр илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу музейм гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн къыщызэIуахащ.

РЕСПУБЛИКЭМ, музейм къикIуа гъэзэгуанэр, абыхэм зэрызауэжьар, хьэщIэ лъапIэу къахуеблагъэр къызэтеущ сурэтхэр, дамыгъэ лъапIэхэр выставкэр щекIуэжьI пэшым щызэхуахьэсат. Илъэс 95-р дакъикъэ бжыгъэм уи нэгу щыщIэкIыжырт а пэшым. Выставкэм генералхэу Сосналы СультIанрэ республикэм къыбгъэдэкIыу ВЦИК-м щыIа, музейм и экспозицэр зэхуэхьэсыным зи гуащIэ хэзылъхьа Къатхъэн Назиррэ я сурэтхэр, хьэпшыпхэр хэтт. Апхуэдэуи, ПIаз Александр и Iэрыкlхэр, Иордан къэралыгъуэм и пащтыхым «Кабардинка» кIэрал академическэ ансамблым хуигъэфэща дамыгъэ лъапIэр, КЪБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий и дамыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ ущрохьэлIэ.

КЪБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Аминат** и псалъэхэм я пэщIэдзэм мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралыгъуэ зэрыхъурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур, музейр республикэм зэриныбжьыр жиIащ.

- 1921 гъэм япэ дыдэу Iэ зыщIадза дафтэрхэм ящыщщ ди щIынальэм Лъэпкъ музей къыщызэгъэпэщныр. Ар къэзыщтахэм тхыдэм, лъэпкъым и щIэныбжьэ иIэ мыхьэнэр кууэ къагурыIуэрт, къэкIуэнум лъабжьэ быдэ зэрыхъэхьунур фIыуэ ящIэрт. Музейм гъэзэуанэ гугъу къикIуащ, абы щылэжьахэм фонд къулей, республикэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэин кэзд дыдэ зэхуахьэсыжащ. Нэрылъагъущ а лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу ахэр зэрыбгъэдэтыр. «БлэкIар зымыщIэжьым, къэкIуэни иIэкъым», - жеIэ псалъэжьым. Музейр ди тхыдэщ, абы щахъумэ псори блэкIам и щыхьэт нахуэщ. А фIыгъуэ псори ямыгъэмащIэу зезыхьэ гуп дахэм я зэфIэкI, дзрэжэгъуэ мыкIуэщIу иджыри илъэс куэдкIэ тхуэлажьэну сохъуэхъу, - захуигъэзащ Карчаевэм къызэхуэсахэм.

- Музеймрэ ди управленэмрэ зэдзэлажьэн зэрыщIадзэрэ куэд мыщIами, иныбгъуэм хуэщъхьэпэн Iуэхуэхэр къетхъэжьэу, зыр адрейм тхуэзфIэкIымкIэ зыщIэдгъакIуэу дыдэкIыззэдгъуэгурыкIуэ, дяпэкIи ди зэпыщIэныгъэр нэхъ куу хьуну сыщогугъ, - жиIащ Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэкэм ядзлажьэнымрэ лъэпкъ IэхуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**. Ар музейм и лажьакIуэхэм ехьуэхъури, 1934 гъэм адыгэбзэкIэ къыдэкIа, Лев Толстой и «Хьэжы-Мурат» тхыпIэр тыгъэ яхуищIащ.

- Музейм лъэпкъэм я Iэрыкl, Iэщ1агъэ нэхъыфIэхрщ щыIэр. А курыхьр тхуэзыхъумахэм фIыщIэ яхуэфащащ. Дяпэкlи екъуI!эныгъэ фиIэрэ гукъыдэж фIыщIмыщIэну сыныбжьхъуэхъуну сыхуейщ, - псалъэ гуапэхэмкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ КЪБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, спортымрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я профсоюзым и дамыгъэ лъапIэхэр еттыну къэдгъэлъэгъащ, - жиIащ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм и къудамэу республикэм щыIэм и унафэщI **Дау Марианнэ**.

КЪБР-м и Парламентым, Правительствэм, республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэхэм, Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядзлажьэнымрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ и управленэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ музейм и лэжьакIуэхэр ягъэпэжащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Израилым щыщ адыгэ щIалэр Урысей Федерацэм и чемпионщ

2015/2015 гъэхэм Урысей Федерацэм футболымкIэ и чемпионатыр щэбэт кIуам ихуащ. Мэзкуу и ЦСКА-м хэту абы дыщэ медалхэр къыщихьащ Израилым хыхьэ Кфар-Камэ адыгэ къуажэм къыщыхъуа Натхъуэ Бибрэс.

АДЫГЭ футболистхэм ящыщу иджыпсту нэхъ цIэрыIуэ дыдэр Натхъуэ Бибрэсщ. Ар 1988 гъэм къалъхуащ икIи и ныбжьыр илъэс пщыкIуиI щримыкъум щыщIэдзауэ екъуIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэу топджэгум хэтщ. 2006 гъэм абы япэ дыдэу щитIэгъащ спорт иным хэзыша Тель-Авив и «Хапоэль» командэм и балигъ гупым и фащэр. Абы лъандэрэ Израилым, Урысей Федерацэм, Алыджым, нэгъуэщI къэралхэм я губгъуэхэм джэгугъуэ 257-рэ щригъэкIуэкIащ икIи топ 58-рэ я хьэрхуэрэгъуэхэм щахудигъэкIащ.

Натхъуэм япэ ехьуIэныгъэ иныр щIар 2007 гъэращ. Абы щыгъуэм «Хапоэль»-м хэту Израилым и кубокыр къихьащ.

Ар ирагъэблагъащ а къэралым и командэ къыхэха псомиI - илъэс 17, 18, 19, 21-м нэсхэм, балигъ гупым. Абыхэм мызэ-мытIэу къыщыхэжаныкIащ икIи зэи къэмыхъуауэ мыжурт лъэпкъым щыщу капитану хахащ.

2010 гъэ лъандэрэ Натхъуэ Бибрэс Урысей Федерацэм щоджэгу. Ар ди къэралым иригъэблагъэуэ щытащ Къэзан и «Рубин»-м. Абы хэту Урысейм и кубокымрэ суперкубокымрэ 2012 гъэм зыIэригъэхьащ, чемпионатым и жэз медалыр къратащ.

Къэзандзэхэм кьахэкIыжа иужькIэ 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Алыджым и ПАОК командэм хэтащ. Абыи Iыхьэншэ щыхъуэхьэм - а къэралым и дыжьын медалыр иIыгъуу къахэкIыжащ.

Мэзкуу и ЦСКА-м ар апхуэдизкIэ лъэ быдэкIэ хыхьати, 2014/2015 гъэхэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм и гъуащхьэхъумэ ныкъуэ нэхъыфI дыдэу ящIэтащ икIи и хьэрхуэрэгъуэхэм топ 14 яхудигъэкIащ.

Натхъуэм я ныбжьыгъэ зэрыщIэ, ирагъэблагъ. Ар ирагъэблагъащ а къэралым и командэ къыхэха псомиI - илъэс 17, 18, 19, 21-м нэсхэм, балигъ гупым. Абыхэм мызэ-мытIэу къыщыхэжаныкIащ икIи зэи къэмыхъуауэ мыжурт лъэпкъым щыщу капитану хахащ.

2010 гъэ лъандэрэ Натхъуэ Бибрэс Урысей Федерацэм щоджэгу. Ар ди къэралым иригъэблагъэуэ щытащ Къэзан и «Рубин»-м. Абы хэту Урысейм и кубокымрэ суперкубокымрэ 2012 гъэм зыIэригъэхьащ, чемпионатым и жэз медалыр къратащ.

Къэзандзэхэм кьахэкIыжа иужькIэ 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Алыджым и ПАОК командэм хэтащ. Абыи Iыхьэншэ щыхъуэхьэм - а къэралым и дыжьын медалыр иIыгъуу къахэкIыжащ.

Мэзкуу и ЦСКА-м ар апхуэдизкIэ лъэ быдэкIэ хыхьати, 2014/2015 гъэхэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм и гъуащхьэхъумэ ныкъуэ нэхъыфI дыдэу ящIэтащ икIи и хьэрхуэрэгъуэхэм топ 14 яхудигъэкIащ.

Натхъуэ